



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 4/6/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$25 MILYON DOLA POU KONSTWI PWOJÈ LOJMAN SIPÒTIF**

***Finansman sipò lojman pou adilt sanzabri yo ki gen pwoblèm sante mantal, retabli de abi sibstans, veteran yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse plis pase \$25 milyon dola nan finansman pou sipòte pwojè lojman ki pral kreye 286 inite lojman sipòtif pou Nouyòkè ki sanzabri ak sa ki gen revni fèb yo, enkli veteran, adilt kap retabli de abi sibstans ansanm avèk sila yo kap viv avèk twoub sante mantal.

“Finansman sa ap ede asire ke sèten nan Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo gen yon kote ki ansekirite ke yo rele lakay yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Lojman sipòtif enpòtan pou ede moun sa yo simonte obstak enstitisyonèl ak sosyal epi reyalize pi gwo endepandans. Mwen fyè paske map fè investisman enpòtan sa pou bati kominote yo ki pi solid nan eta.”

Sibvansyon yo gen ladan \$3 milyon ki soti nan Ekip Restriktirasyon Medicaid Gouvènè a, ke yo te atribye a OTDA pou devlopman pwojè lojman ki sible spesyalman pou moun ki sanzabri yo ki gen andikap ki se egalman itilizatè ki koute Medicaid anpil lajan.

Yo te afekte lajan atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou sanzabri Depatman Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York, ansanm avèk nan konte Franklin, Onondaga, Westchester ak Yates.

Óganizasyon yo kap resevwa lajan gen ladan:

<b>Òganizasyon</b>	<b>Konte</b>	<b>Kantite Lajan</b>
Komite Rezidan Bowery	Bronx	\$2,015,000
Concern for Independent Living	Brooklyn	\$7,500,000
St. Joseph's Addiction Treatment and Recovery Centers	Franklin	\$5,564,085
Housing Visions Unlimited	Onondaga	\$3,771,676
Center for Community Alternatives	Onondaga	\$2.700.000

St. Joseph's Hospital	Westchester	\$2.750.000
Konsèy Lojman Keuka	Yates	\$1,569,513

**Komisyonè Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Moun ki gen Andikap Samyèl D. Roberts te deklare,**” Gouvènè Cuomo angaje nan yon apwòch plizyè fasèt pou adrese sanzabri nan Eta New York e pwojè tankou sa jwe yon wòl enpòtan lè li bay kote pou viv ki ansekirite ak bon mache. Lojman sipòtif asire tou ke rezidan yo gen zouti ki nesèsè pou stabilize lavi yo epi evite ke yo retonbe nan sanzabri.”

Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri bay finansman kapital pou devlope lojman pou popilasyon yo ki gen diferan bezwen spesyal ki fèt pou ede fanmi ak moun yo pou soti nan sanzabri ak povrete, nan direksyon pi wo nivo endepandans posib. Li te afekte plis pase \$60 milyon, plis yon lòt \$10 milyon anplis nan fon Restriktirasyon Medicaid, pandan ane fiskal eta 2015-16 pou 19 pwojè nan eta, sa ki pral devlope plis pase 800 inite lojman ijans, tranzisyonèl sipòtif ak pèmanan.

Bidjè 2016-17 ki te adopte a ke Gouvènè Cuomo te siyen an lwa gen ladan \$20 milya sou senkan pou yon plan daksyon sanzabri ak lojman konpreyansif nan tout eta.

Plan lojman \$10 milya ranfòse depans eta sou pwogram lojman yo pa preske \$5 milya e lap kreye ak konsève 100,000 inite lojman a bon mache nan eta, ansanm avèk sipòte sèvis pou Nouyòkè yo kap chèche lojman a bon mache. Pwogram sa chita sou akonplisman nan konsèvasyon ak konstriksyon lojman a bon mache sou senkan ki sot pase yo, enkli kreyasyon yon Inite Pwoteksyon Lokatè, sa ki te retounen plis pase 50,000 inite lojman nan lwaye règlemante, ak inisyativ \$1 milya House NY.

Plan daksyon \$10 milya pou sanzabri a ap sipòte kreyasyon 6,000 nouvo kabann lojman sipòtif, 1,000 kabann ijans ak yon varyete sèvis sanzabri ki elaji sou pwochen senkan yo. Sou 15 ane, Eta ap ajoute 20,000 nouvo inite ki pral devlope sou 44,000 inite lojman sipòtif ki egziste deja ke eta deja finanse. Envestisman sa make pi gwo angajman pou adrese sanzabri nan istwa Eta New York.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418